

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Panaliten kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa kalihan Kamus Basa Bali menika kapanggihaken tetembungan ingkang berkorespondensi. Wujuding korespondensi inggih menika saking tembung-tembung ingkang gadhah swanten saha teges ingkang sami sarta mirib. Asiling perkerabatan basa Jawi saha basa Bali kapanggihaken prosentase 60% saking tetembungan basa Jawi saha basa Bali ingkang berkorespondensi. Andharan saking korespondensi swanten saha teges antawisipun basa Jawi saha basa Bali saged dipuntingali wonten ngandhap.

Tabel 4: Korespondensi Swanten saha Teges antawisipun Basa Jawi saha Basa Bali

No.	Wujud Korespondensi Fonem	Glos	Indikator	
			Basa Jawi	Basa Bali
1	2	3	4	5
1.	Vokal ~ vokal			
	a. /i/ ~ / /, /i/			
	1) [i] ~ []	terbang (186)	[ib r]	[k b r]
	2) [I] ~ [i]	angin (6)	[aŋIn]	[aŋin]
	b. / / ~ /a/			
	[] ~ [a]	apa (8)	[p]	[apa]
	c. /u/ ~ /i/ saha /u/			
	1) [u] ~ [i]	duduk (65)	[luŋgUh]	[liŋgih]
	2) [U] ~ [u]	gunung (77)	[gunUŋ]	[gunuŋ]
	3) [U] ~ [i]	duduk (65)	[luŋgUh]	[liŋgih]

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
	d. / / ~ /i/ [] ~ [i] e. / / ~ /e/ [] ~ [e] f. /a/ ~ / / [a] ~ [] g. /o/ ~ /u/ saha /o/ 1) [o] ~ [u] 2) [] ~ [o] h. /e/ ~ /o/ [e] ~ [o]	punggung (159) banyak (17) pendek (152) rumah (163) orang (146) istri (92)	[g g r] [ak h] [c nda?] [omah] [w ŋ] [semah]	[gigir] [akeh] [c n k] [umah] [woŋ] [somal]
2.	Konsonan ~ konsonan a. /w/ ~ /b/ b. /t/ ~ / / c. /l/ ~ /b/ ~ /r/ d. /s/ ~ /r/ e. /r/ ~ / / f. /d/ ~ /j/ ~ / / g. /b/ ~ /w/ h. /k/ ~ /k/ i. /ŋ/ ~ /i/	abu (1) tali (179) bintang (35) lurus (131) sempit (171) daun (54) hujan (86) jauh (99) malam (135) balik (16) di sini (61)	[awu] [tali] [lintaŋ] [lurus] [sump ?] [r n] [udan] [ad h] [b ŋi] [walI?] [ŋriki]	[abu] [ali] [bin aŋ] [rurus] [rup k] [on] [ujan] [oh] [w ŋi] [walik] [iriki]
3.	Nasal ~ nasal a. /m/ ~ /ŋ/	muntah (143)	[mutah]	[ŋu ah]
4.	Tambahing konsonan a. fonem /p/ b. fonem /w/ c. fonem /k/	anak (5) ludah (130) terbang (186)	[ana?] [idu] [ib r]	[panak] [wi uh] [k b r]

Tabel salajengipun

1	2	3	4	5
5.	Tambahiing nasal fonem /ŋ/	diri (ber) (60)	[ad g]	[ŋa g]
6.	Icaliing vokal			
	a. fonem / /	enam (68)	[n m]	[n m]
	b. fonem /a/	merah (139)	[abaŋ]	[baŋ]
	c. fonem / /	tidak (189)	[b t n]	[n]
	d. fonem /u/	tua (195)	[tuw]	[wa]
7.	Icaliing konsonan			
	a. fonem /m/	sempit (171)	[sump ?]	[rup k]
	b. fonem /k/	cuci (47)	[kumbah]	[umbah]
	c. fonem /p/	empat (67)	[papat]	[pa]
	d. fonem /h/	makan (134)	[ahar]	[aar]
	e. fonem /b/	tidak (189)	[b t n]	[n]
	f. fonem /r/	bulan (38)	[r mbulan]	[bulan]

Adhedhasar tabel wonten ing nginggil ketingal bilih wonten tetembungan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawi saha Kamus Basa Bali ingkang berkorespondensi. Tetembungan ingkang berkorespondensi menika kapanggihaken 120 tembung ingkang sami saha mirib saking 200 kosa kata dasar Morris Swadesh. Wujud korespondensi perkerabatan antawisipun basa Jawi saha basa Bali menika kaperang dados mapinten-pinten jinis. Jinisipun korespondensi basa Jawi saha basa Bali wonten pitu inggih menika wujud korespondensi fonem vokal tuladhanipun wujud setunggal fonem vokal wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan langkung saking setunggal fonem vokal wonten ing basa Bali, wujud korespondensi fonem konsonan, wujud korespondensi nasal, tambahiing konsonan wonten ing basa Bali,

tambah ing nasal wonten ing basa Bali, icaling vokal wonten ing basa Bali, saha icaling konsonan wonten ing basa Bali. Andharan korespondensi saking basa Jawi saha basa Bali kasebat saged dipunwaos wonten ing bab pirembagan.

B. Pirembagan

Adhedhasar tetembungan ingkang berkorespondensi wonten nginggil, salajengipun badhe kaandharaken bukti kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawi saha Kamus Basa Bali dipuntingali saking bukti fonologi-ipun. Bukti kekerabatan menika badhe kaandharaken setunggal mbaka setunggal saking tembung-tembung ingkang dipuntandhingaken. Bukti andharan kasebat saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

1. Bukti Kekerabatan Basa

Adhedhasar wontenipun tetembungan basa Jawi saha basa Bali ingkang berkorespondensi menika saged dipunginakaken kangge bukti kekerabatan. Bukti kekerabatan basa Jawi saha basa Bali saged dipuntingali saking aspek fonologi-ipun ingkang kaperang dados pitu jinis. Pitu jinis kasebat inggih menika wujud korespondensi fonem vokal, wujud korespondensi fonem konsonan, wujud korespondensi nasal, tambah ing konsonan wonten ing basa Bali, tambah ing nasal wonten ing basa Bali, icaling vokal wonten ing basa Bali, saha icaling konsonan wonten ing basa Bali. Bukti kasebat badhe kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Wujud Korespondensi Fonem Vokal

Wujud korespondensi fonem vokal kaperang dados wolu inggih menika fonem /i/ ~ fonem / /, /i/ ; fonem / / ~ fonem /a/; fonem /u/ ~ fonem /i/ saha /u/ ; fonem / / ~ fonem /i/ ; fonem / / ~ fonem /e/ ; fonem /a/ ~ fonem / / ; fonem /o/ ~ fonem /u/ saha /o/ ; fonem /e/ ~ fonem /o/. Bukti wujudipun tetembungan ingkang berkorespondensi kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Fonem /i/ ~ fonem / / saha /i/

Fonem /i/ wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem / / saha /i/ wonten ing basa Bali. Fonem /i/ wonten ing basa Jawi nuwuhaken kalih alofon inggih menika [i] saha [I]. Fonem /i/ wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem / / wonten ing basa Bali. Fonem /i/ kanthi lafal [I] wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /i/ kanthi lafal [i] wonten ing basa Bali. Andharan kasebat saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

a) Fonem /i/ ~ fonem / /

Fonem /i/ basa Jawi ingkang berkorespondensi kalihan fonem / / basa Bali kapanggihaken setunggal tembung. Bab menika saged dipuntingali wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 5: Fonem /i/ ~ fonem / /

Glos	BJ [i]	BB []	Korespondensi
terbang (186)	[ib r]	[k b r]	[i] ~ []

Saking tabel 5 wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘terbang’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung iber ingkang dipunlesanaken [ib r]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung keber ingkang dipunlesanaken [k b r] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /i/ basa Jawi mapan wonten ing wiwitaning tembung berkorespondensi kalihan fonem / / basa Bali ingkang mapan wonten pungkasaning wanda sepisan. Fonem / / wonten ing basa Bali mapan wonten ing pungkasaning wanda sepisan amargi tembung basa Bali keber menika wanda sepisanan kadadosan saking kalih fonem.

b) Fonem /i/ kanthi lafal [I] ~ fonem /i/

Fonem /i/ kanthi lafal [I] berkorespondensi kalihan fonem /i/ kanthi lafal [i] kapanggihaken kalih welas tembung basa Jawi saha basa Bali ingkang berkorespondensi. Saking kalih welas tembung menika kaperang dados tigang kelompok inggih menika fonem /i/ ingkang mapan wonten ing (1) wanda kaping kalih sigeg, (2) wiwitaning wanda kaping kalih sigeg, saha (3) tengahing tembung.

Fonem /i/ basa Jawi kanthi lafal [I] mapan ing wanda kaping kalih sigeg berkorespondensi kalihan fonem /i/ kanthi lafal [i] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 6: Fonem /i/ kanthi lafal [I] mapan ing wanda kaping kalih sigeg
~ fonem /i/

No.	Glos	BJ [I]	BB [i]	Korespondensi
1	angin (6)	[aŋIn]	[aŋin]	[I] ~ [i]
2	balik (16)	[walIʔ]	[walik]	
3	benih (26)	[winIh]	[winih]	
4	darah (51)	[g tIh]	[g ih]	
5	hidup (81)	[urIp]	[urip]	
6	kulit (115)	[kulIt]	[kuli]	
7	langit (119)	[laŋIt]	[laŋi]	
8	putih (161)	[putIh]	[pu ih]	
9	telinga (184)	[kupIn]	[kupiŋ]	
10	tipis (192)	[tipIs]	[ipis]	

Saking tabel 6 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /i/ kanthi lafal [I] berkorespondensi kalihan fonem /i/ kanthi lafal [i] mapan wonten ing wanda kaping kalih sigeg kapanggihaken sedasa tembung. Saking tetembungan nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘angin’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung angin ingkang dipunlesanaken [aŋIn]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung angin ingkang dipunlesanaken [aŋin] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketinggal bilih fonem /i/ mapan wonten ing wanda kaping kalih sigeg berkorespondensi kalihan fonem /i/. Fonem /i/ ing tembung angin ing basa Jawi dipunlesanaken [I], dene ing basa Bali dipunlesanaken [i].

Fonem /i/ basa Jawi kanthi lafal [I] mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih sigeg berkorespondensi kalihan fonem /i/ kanthi lafal [i] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel wingking menika.

Tabel 7: Fonem /i/ kanthi lafal [I] mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih sigeg ~ fonem /i/

Glos	BJ [I]	BB [i]	Korespondensi
jahit (95)	[jaIt]	[jai]	[I] ~ [i]

Saking tabel 7 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /i/ kanthi lafal [I] berkorespondensi kalihan fonem /i/ kanthi lafal [i] mapan wonten ing wiwitaning wanda kaping kalih sigeg kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘jahit’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung jait ingkang dipunlesanaken [jaIt]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung jait ingkang dipunlesanaken [jai] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /i/ mapan wonten ing wiwitaning wanda kaping kalih sigeg berkorespondensi kalihan fonem /i/. Fonem /i/ ing tembung jait basa Jawi dipunlesanaken [I], dene ing basa Bali dipunlesanaken [i].

Fonem /i/ basa Jawi kanthi lafal [I] mapan ing tengahing tembung berkorespondensi kalihan fonem /i/ kanthi lafal [i] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 8: Fonem /i/ kanthi lafal [I] mapan ing tengahing tembung ~ fonem /i/

Glos	BJ [I]	BB [i]	Korespondensi
pohon (157)	[wIt]	[wi]	[I] ~ [i]

Saking tabel 8 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /i/ kanthi lafal [I] berkorespondensi kalihan fonem /i/ kanthi lafal [i] mapan

wonten ing tengahing tembung kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘pohon’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung wit ingkang dipunlesanaken [wIt]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung wit ingkang dipunlesanaken [wi] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /i/ mapan wonten ing tengahing tembung berkorespondensi kalihan fonem /i/. Fonem /i/ ing tembung wit basa Jawi dipunlesanaken [I], dene ing basa Bali dipunlesanaken [i].

2) Fonem / / ~ fonem /a/

Fonem /a/ wonten ing basa Jawi nuwuhaken kalih alofon inggih menika [a] saha []. Fonem / / wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /a/ wonten ing basa Bali kapanggihaken tiga welas tembung. Saking tiga welas tembung menika kaperang dados gangsal kelompok inggih menika fonem /a/ ingkang mapan wonten ing (1) wiwitaning saha pungkasaning tembung, (2) pungkasaning wanda kaping kalih, (3) pungkasaning wanda sepisan saha pungkasaning wanda kaping kalih, (4) pungkasaning wanda kaping kalih saha kaping tiga, saha (5) pungkasaning tembung.

Fonem / / basa Jawi mapan ing wiwitaning saha pungkasaning tembung berkorespondensi kalihan fonem /a/ ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel wingking menika.

Tabel 9: Fonem / / mapan ing wiwitaning saha pungkasaning tembung
~ fonem /a/

Glos	BJ []	BB [a]	Korespondensi
apa (8)	[p]	[apa]	[] ~ [a]

Saking tabel 9 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem / / berkorespondensi kalihan fonem /a/ mapan wonten ing wiwitaning saha pungkasaning tembung kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘apa’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung apa ingkang dipunlesanaken [p]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung apa ingkang dipunlesanaken [apa] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem / / mapan wonten ing wiwitaning saha pungkasaning tembung berkorespondensi kalihan fonem /a/. Fonem / / ing tembung apa basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [a].

Fonem / / basa Jawi mapan ing pungkasaning tembung utawi pungkasaning wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /a/ ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 10: Fonem / / mapan ing pungkasaning tembung ~ fonem /a/

No.	Glos	BJ []	BB [a]	Korespondensi
1	awan (12)	[meg]	[mega]	[] ~ [a]
2	datang (52)	[t k]	[ka]	
3	kiri (112)	[kiw]	[kiwa]	
4	lima (129)	[lim]	[lima]	
5	matahari (137)	[sury]	[surya]	

Saking tabel 10 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem / / berkorespondensi kalihan fonem /a/ mapan wonten ing pungkasaning tembung utawi pungkasaning wanda kaping kalih kapanggihaken gangsal tembung. Saking tetembungan wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘awan’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung mega ingkang dipunlesanaken [meg]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung mega ingkang dipunlesanaken [mega] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem / / mapan wonten ing pungkasaning tembung utawi pungkasaning wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /a/. Fonem / / ing tembung mega basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [a].

Fonem / / basa Jawi mapan ing pungkasaning wanda sepisan saha pungkasaning wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /a/ ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 11: Fonem / / mapan ing pungkasaning wanda sepisan saha wanda kaping kalih ~ fonem /a/

No.	Glos	BJ []	BB [a]	Korespondensi
1	bapak (18)	[b p]	[bapa]	[] ~ [a]
2	mata (136)	[m t]	[ma a]	
3	panjang (149)	[d w]	[awa]	
4	sakit (165)	[l r]	[lara]	

Saking tabel 11 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem / / berkorespondensi kalihan fonem /a/ mapan wonten ing pungkasaning wanda sepisan saha pungkasaning wanda kaping kalih kapanggihaken sekawan

tembung. Saking tetembungan wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘bapak’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung bapa ingkang dipunlesanaken [b p]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung bapa ingkang dipunlesanaken [bapa] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem / / mapan wonten ing pungkasaning wanda sepisan saha pungkasaning wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /a/. Fonem / / ing tembung bapa basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [a].

Fonem / / basa Jawi mapan ing pungkasaning wanda kaping kalih saha pungkasaning wanda kaping tiga berkorespondensi kalihan fonem /a/ ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 12: Fonem / / mapan ing pungkasaning wanda kaping kalih saha pungkasaning wanda kaping tiga ~ fonem /a/

Glos	BJ []	BB [a]	Korespondensi
laut (120)	[s g r]	[s gara]	[] ~ [a]

Saking tabel 12 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem / / berkorespondensi kalihan fonem /a/ mapan wonten ing pungkasaning wanda kaping kalih saha pungkasaning wanda kaping tiga kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘laut’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung segara ingkang dipunlesanaken [s g r]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung segara ingkang dipunlesanaken [s gara] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem / / mapan wonten ing pungkasaning wanda kaping kalih saha pungkasaning

wanda kaping tiga berkorespondensi kalihan fonem /a/. Fonem /a/ ing tembung segara basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [a].

Fonem / / basa Jawi mapan ing pungkasaning tembung utawi pungkasaning wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /a/ ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 13: Fonem / / mapan ing pungkasaning tembung ~ fonem /a/

No.	Glos	BJ []	BB [a]	Korespondensi
1	tua (195)	[tuw]	[wa]	[] ~ [a]
2	ular (199)	[ul]	[ula]	

Saking tabel 13 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem / / berkorespondensi kalihan fonem /a/ mapan wonten ing pungkasaning tembung kapanggihaken kalih tembung. Saking tetembungan wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘tua’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung tuwa ingkang dipunlesanaken [tuw]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung tuwa ingkang dipunlesanaken [wa] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem / / mapan wonten ing pungkasaning tembung berkorespondensi kalihan fonem /a/. Fonem /a/ ing tembung tuwa basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [a]. Adhedhasar tembung-tembung basa Jawi saha basa Bali wonten ing nginggil fonem / / berkorespondensi kalihan fonem /a/ sedaya mapanipun wonten ing wanda menga.

3) Fonem /u/ ~ fonem /i/ saha /u/

Fonem /u/ wonten ing basa Jawi nuwuhaken korespondensi dados fonem /i/ saha /u/ wonten ing basa Bali. Fonem /u/ wonten ing basa Jawi nuwuhaken kalih alofon inggih menika [u] saha [U]. Fonem /u/ wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem [i] wonten ing basa Bali. Fonem /u/ kanthi lafal [U] wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem vokal /u/ saha fonem vokal /i/ wonten ing basa Bali. Adhedhasar menika saged dipuntingali andharanipun wonten ing ngandhap menika.

a) Fonem /u/ ~ fonem /i/

Fonem /u/ basa Jawi mapan ing tengahing wanda sepisan berkorespondensi kalihan fonem /i/ ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 14: Fonem /u/ ~ fonem /i/

Glos	BJ [u]	BB [i]	Korespondensi
duduk (65)	[lungUh]	[lingih]	[u] ~ [i]

Saking tabel 14 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /u/ berkorespondensi kalihan fonem /i/ mapan wonten ing tengahing wanda sepisan wonten ing basa Bali kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘duduk’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung lungguh ingkang dipunlesanaken [lungUh]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung linggih ingkang dipunlesanaken [lingih]

wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /u/ mapan wonten ing tengahing wanda sepisan berkorespondensi kalihan fonem /i/.

b) Fonem /u/ kanthi lafal [U] ~ fonem /u/ saha /i/

(1) Fonem /u/ kanthi lafal [U] ~ fonem /u/

Fonem /u/ basa Jawi kanthi lafal [U] berkorespondensi kalihan fonem /u/ kanthi lafal [u] basa Bali kapanggihaken pitu tembung. Saking pitu tembung menika kaperang dados kalih kelompok inggih menika fonem /u/ ingkang mapan wonten ing (1) tengahing wanda kaping kalih, saha (2) wiwitaning wanda kaping kalih.

Fonem /u/ basa Jawi kanthi lafal [U] mapan ing tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /u/ kanthi lafal [u] ing basa Bali.

Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika

Tabel 15: Fonem /u/ kanthi lafal [U] mapan ing tengahing wanda kaping kalih ~ fonem /u/

No.	Glos	BJ [U]	BB [u]	Korespondensi
1	gunung (77)	[gunUŋ]	[gunuŋ]	[U] ~ [u]
2	hidung (80)	[irUŋ]	[iruŋ]	
3	lutut (132)	[ŋkU]	[ŋkul]	
4	rambut (162)	[rambUt]	[rambu]	
5	tahu (176)	[w rUh]	[w ruh]	
6	tulang (197)	[balUŋ]	[waluŋ]	

Saking tabel 15 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /u/ kanthi lafal [U] berkorespondensi kalihan fonem /u/ mapan wonten ing tengahing wanda kaping kalih kapanggihaken enem tembung. Saking tetembungan wonten ing nginggil saged dipuntingali bilih kangge

ngandharaken tembung kanthi glos ‘gunung’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung gunung ingkang dipunlesanaken [gunUŋ]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung gunung ingkang dipunlesanaken [gunuŋ] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /u/ kanthi lafal [U] mapan wonten ing tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /u/. Fonem /u/ ing tembung gunung basa Jawi dipunlesanaken [U], dene ing basa Bali dipunlesanaken [u].

Fonem /u/ basa Jawi kanthi lafal [U] mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /u/ kanthi lafal [u] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 16: Fonem /u/ kanthi lafal [U] mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih ~ fonem /u/

Glos	BJ [U]	BB [u]	Korespondensi
tahun (177)	[taUn]	[aun]	[U] ~ [u]

Saking tabel 16 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /u/ kanthi lafal [U] berkorespondensi kalihan fonem /u/ mapan wonten ing wiwitaning wanda kaping kalih kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung wonten ing nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘tahun’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung taun ingkang dipunlesanaken [taUn]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung taun ingkang dipunlesanaken [taun] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /u/ kanthi lafal [U] mapan wonten ing wiwitaning wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /u/. Fonem /u/

ing tembung taun basa Jawi dipunlesanaken [U], dene ing basa Bali dipunlesanaken [u].

(2) Fonem /u/ kanthi lafal [U] ~ fonem /i/

Fonem /u/ basa Jawi kanthi lafal [U] mapan ing tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /i/ kanthi lafal [i] ing basa Bali.

Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 17: Fonem /u/ kanthi lafal [U] mapan ing tengahing wanda kaping kalih ~ fonem /i/

Glos	BJ [U]	BB [i]	Korespondensi
duduk (65)	[luŋgUh]	[liŋgih]	[U] ~ [i]

Saking tabel 17 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /u/ kanthi lafal [U] berkorespondensi kalihan fonem /i/ mapan wonten ing tengahing wanda kaping kalih kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung wonten ing nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘duduk’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung lungguh ingkang dipunlesanaken [luŋgUh]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung linggih ingkang dipunlesanaken [liŋgih] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /u/ kanthi lafal [U] mapan wonten ing tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /i/. Fonem /u/ ing tembung lungguh basa Jawi dipunlesanaken [U], dene ing basa Bali dipunlesanaken [i].

4) Fonem / / ~ fonem /i/

Fonem / / basa Jawi mapan ing pungkasaning wanda sepisan saha ing tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /i/ ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 18: Fonem / / ~ fonem /i/

Glos	BJ []	BB [i]	Korespondensi
punggung (159)	[g g r]	[gigir]	[] ~ [i]

Saking tabel 18 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem / / berkorespondensi kalihan fonem /i/ kapanggihaken setunggal tembung. Fonem-fonem ingkang berkorespondensi kasebat mapan wonten ing pungkasaning wanda sepisan saha tengahing wanda kaping kalih. Saking tembung wonten ing nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘punggung’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung geger ingkang dipunlesanaken [g g r]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung gigir ingkang dipunlesanaken [gigir] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketinggal bilih fonem / / basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /i/ basa Bali.

5) Fonem /e/ kanthi lafal [] ~ fonem /e/

Fonem /e/ wonten ing basa Jawi gadhah kalih alofon inggih menika fonem /e/ saha / /. Fonem /e/ kanthi lafal [] ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /e/ ing basa Bali ingkang kapanggihaken tigang tembung. Saking tigang tembung menika kaperang dados kalih kelompok inggih menika fonem /e/ ingkang mapan wonten ing (1) tengahing wanda kaping kalih saha

(2) tengahing tembung. Adhedhasar kasebat saged dipuntingali andharanipun wonten ing ngandhap menika.

Fonem /e/ basa Jawi kanthi lafal [] mapan ing tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /e/ kanthi lafal [e] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 19: Fonem /e/ kanthi lafal [] mapan ing tengahing wanda kaping kalih ~ fonem /e/

Glos	BJ []	BB [e]	Korespondensi
banyak (17)	[ak h]	[akeh]	[] ~ [e]

Saking tabel 19 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /e/ kanthi lafal [] berkorespondensi kalihan fonem /e/ mapan wonten ing tengahing wanda kaping kalih kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung wonten ing nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘banyak’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung akeh ingkang dipunlesanaken [ak h]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung akeh ingkang dipunlesanaken [akeh] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /e/ kanthi lafal [] mapan wonten ing tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /e/ kanthi lafal [e]. Fonem /e/ ing tembung akeh basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [e].

Fonem /e/ basa Jawi kanthi lafal [] mapan ing tengahing tembung berkorespondensi kalihan fonem /e/ kanthi lafal [e] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel wingking menika.

Tabel 20: Fonem /e/ kanthi lafal [] mapan ing tengahing tembung
~ fonem /e/

No.	Glos	BJ []	BB [e]	Korespondensi
1	bilamana (33)	[y n]	[yen]	[] ~ [e]
2	kalau (102)	[y n]	[yen]	

Saking tabel 20 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /e/ kanthi lafal [] berkorespondensi kalihan fonem /e/ mapan wonten ing tengahing tembung kapanggihaken kalih tembung. Saking tetembungan wonten ing nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘bilamana’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung yen ingkang dipunlesanaken [y n]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung yen ingkang dipunlesanaken [yen] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /e/ kanthi lafal [] berkorespondensi kalihan fonem /e/ kanthi lafal [e]. Fonem /e/ ing tembung yen basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [e].

6) Fonem /a/ ~ fonem / /

Fonem /a/ wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem / / wonten ing basa Bali kapanggihaken setunggal tembung. Mapanipun fonem /a/ berkorespondensi kalihan fonem / / inggih menika wonten ing tengahing wanda kaping kalih. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 21: Fonem /a/ mapan ing tengahing wanda kaping kalih ~ fonem / /

Glos	BJ [a]	BB []	Korespondensi
pendek (152)	[c n a?]	[c n k]	[a] ~ []

Saking tabel 21 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /a/ berkorespondensi kalihan fonem / / mapan wonten ing tengahing wanda kaping kalih kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘pendek’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung cendhak ingkang dipunlesanaken [c n a?]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung cendek ingkang dipunlesanaken [c n k] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /a/ basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem / / basa Bali.

7) Fonem /o/ ~ fonem /u/ saha /o/

Fonem /o/ wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /u/ saha /o/ wonten ing basa Bali. Fonem /o/ wonten ing basa Jawi nuwuhaken kalih alofon inggih menika [o] saha []. Fonem /o/ wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /u/ wonten ing basa Bali. Fonem /o/ kanthi lafal [] wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /o/ wonten ing basa Bali. Andharan kasebat saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

a) Fonem /o/ ~ fonem /u/

Fonem /o/ basa Jawi mapan wonten ing wiwitaning tembung berkorespondensi kalihan fonem /u/ ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 22: Fonem /o/ ~ fonem /u/

Glos	BJ [o]	BB [u]	Korespondensi
rumah (163)	[omah]	[umah]	[o] ~ [u]

Saking tabel 22 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /o/ berkorespondensi kalihan fonem /u/ kapanggihaken setunggal tembung. Fonem-fonem ingkang berkorespondensi kasebat mapan wonten ing wiwitaning tembung. Saking tembung wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘rumah’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung omah ingkang dipunlesanaken [omah]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung umah ingkang dipunlesanaken [umah] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /o/ basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /u/ basa Bali.

b) Fonem /o/ kanthi lafal [] ~ fonem /o/

Fonem /o/ kanthi lafal [] wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /o/ kanthi lafal [o] wonten ing basa Bali. Tetembungan ingkang berkorespondensi menika kapanggihaken sewelas tembung. Saking sewelas tembung menika kaperang dados sekawan kelompok inggih menika fonem /o/ ingkang mapan wonten ing (1) wiwitaning wanda sepisan saha tengahing wanda kaping kalih, (2) tengahing wanda kaping kalih, (3) tengahing tembung, saha (4) tengahing wanda sepisan saha tengahing wanda kaping kalih.

Fonem /o/ kanthi lafal [] basa Jawi mapan ing wiwitaning wanda sepisan saha tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /o/ kanthi lafal [o] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel wingking menika.

Tabel 23: Fonem /o/ kanthi lafal [] mapan ing wiwitaning wanda sepisan saha tengahing wanda kaping kalih ~ fonem /o/

No.	Glos	BJ []	BB [o]	Korespondensi
1	kata (ber) (107)	[m ɲ]	[omoŋ]	[] ~ [o]

Saking tabel 23 saged dipuntingali bilih fonem /o/ kanthi lafal [] berkorespondensi kalihan fonem /o/ kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘kata (ber)’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung omong ingkang dipunlesanaken [m ɲ]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung omong ingkang dipunlesanaken [omoŋ] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem / / mapan wonten ing wiwitaning wanda sepisan saha tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /o/. Fonem /o/ ing tembung omong basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [o].

Fonem /o/ kanthi lafal [] basa Jawi mapan ing tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /o/ kanthi lafal [o] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 24: Fonem /o/ kanthi lafal [] mapan ing tengahing wanda kaping kalih ~ fonem /o/

No.	Glos	BJ []	BB [o]	Korespondensi
1	barat (19)	[kul n]	[kulon]	[] ~ [o]
2	berat (30)	[ab t]	[abo]	
3	hisap (83)	[s t]	[s o]	
4	perempuan (154)	[wad n]	[wa on]	
5	telur (185)	[n g]	[n og]	

Saking tabel 24 saged dipuntingali bilih fonem /o/ kanthi lafal [] berkorespondensi kalihan fonem /o/ kanthi lafal [o] kapanggihaken gangsal tembung. Saking tetembungan wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘barat’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung kulon ingkang dipunlesanaken [kul n]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung kulon ingkang dipunlesanaken [kulon] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem / / mapan wonten ing tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /o/. Fonem /o/ ing tembung kulon basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [o].

Fonem /o/ kanthi lafal [] basa Jawi mapan ing tengahing tembung berkorespondensi kalihan fonem /o/ kanthi lafal [o] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 25: Fonem /o/ kanthi lafal [] mapan ing tengahing tembung
~ fonem /o/

No.	Glos	BJ []	BB [o]	Korespondensi
1	buah (37)	[w h]	[woh]	[] ~ [o]
2	daun (53)	[r n]	[on]	
3	jauh (99)	[ad h]	[oh]	
4	orang (146)	[w ŋ]	[woŋ]	

Saking tabel 25 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /o/ kanthi lafal [] berkorespondensi kalihan fonem /o/ kanthi lafal [o] mapan wonten ing tengahing tembung kapanggihaken sekawan tembung. Saking tetembungan wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge

ngandharaken tembung kanthi glos ‘buah’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung woh ingkang dipunlesanaken [w h]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung woh ingkang dipunlesanaken [woh] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem / / berkorespondensi kalihan fonem /o/. Fonem /o/ ing tembung woh basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [o].

Saking tabel 25 wonten nginggil kapanggihaken setunggal tembung ingkang mapanipun fonem /o/ kanthi lafal [] berkorespondensi kalihan fonem /o/ kanthi lafal [o] menika beda. Bedanipun inggih menika tembung basa Jawi mapan wonten ing tengahing wanda kaping kalih, dene basa Bali mapan wonten ing tengahing tembung. Tuladhanipun tembung kanthi glos ‘jauh’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung adoh ingkang dipunlesanaken [ad h]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung doh ingkang dipunlesanaken [oh] wonten ing basa Bali. Fonem /o/ ing tembung adoh basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [o].

Fonem /o/ kanthi lafal [] basa Jawi mapan ing tengahing wanda sepisan saha tengahing wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /o/ kanthi lafal [o] ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

Tabel 26: Fonem /o/ kanthi lafal [] mapan ing tengahing wanda sepisan saha wanda kaping kalih ~ fonem /o/

Glos	BJ []	BB [o]	Korespondensi
lihat (128)	[t nt n]	[on on]	[] ~ [o]

Saking tabel 26 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /o/ kanthi lafal [] berkorespondensi kalihan fonem /o/ kanthi lafal [o] kapanggihaken setunggal tembung. Saking tembung wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘lihat’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung tonton ingkang dipunlesanaken [t nt n]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung tonton ingkang dipunlesanaken [on on] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem / / berkorespondensi kalihan fonem /o/. Fonem /o/ ing tembung tonton basa Jawi dipunlesanaken [], dene ing basa Bali dipunlesanaken [o].

8) Fonem /e/ ~ fonem /o/

Fonem /e/ wonten ing basa Jawi mapan ing pungkasaning wanda sepisan berkorespondensi kalihan fonem /o/ wonten ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 27: Fonem /e/ ~ fonem /o/

Glos	BJ [e]	BB [o]	Korespondensi
istri (92)	[semah]	[somal]	[e] ~ [o]

Saking tabel 27 saged dipuntingali bilih fonem /e/ berkorespondensi kalihan fonem /o/ kapanggihaken setunggal tembung. Fonem-fonem ingkang berkorespondensi kasebat mapan wonten ing pungkasaning wanda sepisan. Saking tembung wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘istri’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung semah ingkang dipunlesanaken [semah]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung somah ingkang dipunlesanaken [somal]

wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /e/ basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /o/ basa Bali.

b. Wujud Korespondensi Fonem Konsonan

Wujud korespondensi fonem konsonan kaperang dados sangang jinis inggih menika fonem /w/ ~ fonem /b/; fonem /t/ ~ fonem /t/; fonem /l/ ~ fonem /b/, /r/ ; fonem /s/ ~ fonem /r/; fonem /r/ ~ fonem /dh/ ; fonem /d/ ~ fonem /j/, /d/ ; fonem /b/ ~ fonem /w/; fonem /k/ ~ fonem /k/; saha fonem /ng/ ~ fonem /i/. Bukti wujudipun tetembungan ingkang berkorespondensi kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1) Fonem /w/ ~ fonem /b/

Fonem /w/ wonten ing basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /b/ wonten ing basa Bali kapanggihaken sekawan tembung. Saking sekawan tembung menika kaperang dados kalih kelompok inggih menika fonem /w/ berkorespondensi kalihan fonem /b/ ingkang mapan wonten ing (1) wiwitaning wanda kaping kalih, (2) wiwitaning tembung utawi wiwitaning wanda sepisan. Adhedhasar menika saged dipuntingali andharanipun wonten ing ngandhap menika.

Fonem /w/ wonten ing basa Jawi mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih berkorespondensi kalihan fonem /b/ wonten ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali wonten ing tabel wingking menika.

Tabel 28: Fonem /w/ mapan ing wiwitaning wanda kaping kalih
~ fonem /b/

No.	Glos	BJ [w]	BB [b]	Korespondensi
1	abu (1)	[awu]	[abu]	[w] ~ [b]
2	lempar (125)	[sawat]	[saba]	

Saking tabel 28 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /w/ berkorespondensi kalihan fonem /b/ mapan wonten ing wiwitaning wanda kaping kalih kapanggihaken kalih tembung. Saking tetembungan wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘abu’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung awu ingkang dipunlesanaken [awu]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung abu ingkang dipunlesanaken [abu] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketingal bilih fonem /w/ basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /b/ basa Bali.

Fonem /w/ wonten ing basa Jawi mapan ing wiwitaning tembung utawi wiwitaning wanda sepisan berkorespondensi kalihan fonem /b/ wonten ing basa Bali. Bab menika saged dipuntingali wonten ing tabel ngandhap menika.

Tabel 29: Fonem /w/ mapan ing wiwitaning tembung ~ fonem /b/

No.	Glos	BJ [w]	BB [b]	Korespondensi
1	batu (23)	[watu]	[ba u]	[w] ~ [b]
2	bulu (39)	[wulu]	[bulu]	

Saking tabel 29 saged dipuntingali bilih data ingkang nedahaken fonem /w/ berkorespondensi kalihan fonem /b/ mapan wonten ing wiwitaning tembung utawi wiwitaning wanda sepisan kapanggihaken kalih tembung. Saking tetembungan wonten nginggil saged dipuntingali bilih kangge ngandharaken tembung kanthi glos ‘batu’ wonten ing basa Jawi kaginakaken tembung watu ingkang dipunlesanaken [watu]. Tembung menika berkorespondensi kalihan tembung batu ingkang dipunlesanaken [ba u] wonten ing basa Bali. Kanthi tuladha menika ketinggal bilih fonem /w/ basa Jawi berkorespondensi kalihan fonem /b/ basa Bali.

2) Fonem /t/ ~ fonem /t/

